डी॰ बी॰ कॉलेज, जयनगर मधुबनी

नाम - मो॰ मुन्ना

दिनांक - 27,04,2020

सहायक प्राचार्य (अतिथि शिक्षक)

मैथिली विभाग बी.ए. - I st & II YEAR

अनिवार्य भाषा (मातृभाषा) मैथिली (50 Marks)

## संज्ञा

संज्ञा :- संज्ञाक अर्थ होइछै नाम, अथवा कोनो वस्तु व्यक्ति स्थान वा भावक नाम कैँ संज्ञा कहल जाइत अछि।

यथा - राम, हिमालय, गंगा, पुस्तक, फल इत्यादि।

संज्ञाक भेद :-

संज्ञाक पाँच प्रकार होइत अछि -

1. जातिवाचक
2. व्यक्तिवाचक
3. भाव वाचक
4. समूह वाचक
5. द्रव्यवाचक।

1. **जाति वाचक** :- जाहि सँ कोनो सम्पूर्ण जाति भरिक बोध होयत अछि तकरा जातिवाचक संज्ञा कहल जाइछै। यथा - गाय, मनुष्य, पहाड़ नदी, पक्षी, पशु, फल फुल आदि।

2. **व्यक्तिवाचक** :- जाहि सँ कोनो एक व्यक्ति वा पदार्थक बोध हो तकरा व्यक्ति वाचक संज्ञा कहल जाइछै। यथा - राम, गंगा, हिमालय, पटना आदि।

Scanned with CamScanner

3. भाववाचक संज्ञा :- जाहि सँ कोनो व्यक्ति वा वस्तुक गुण, धर्म आ स्वभाव आदिक बोध हो तकरा भाववाचक संज्ञा कहल जाइछ। यथा - दया, नेनपन, क्षमा।

4. समूहवाचक संज्ञा :- जाहि सँ समूह, संघ वा समुदायक बोध हो, तकरा समूहवाचक संज्ञा कहल जाइत अछि। यथा - सेना, मेला वर्ग सभा, यात्रा आदि।

5. द्रव्यवाचक संज्ञा :- जाहि सँ कोनो पदार्थ, द्रव्य आ धातुक बोध हो एवं जकरा नापल - जोखल जा सकए, तकरा द्रव्यवाचक संज्ञा कहल जयत अछि। यथा - दूध, घी, सोना, चाँदी, पानी तेल आदि।

Scanned with CamScanner